

Kijan mwen ka depoze yon plent oswa fè konnen gen yon pwoblèm nan sèvis mwen resewva yo?

Si w pa kontan ak sèvis ou resewva yo (kit se transpò, kit se lòt sèvis), rele MTM nan nimewo 1-866-436-0457. MTM ap toujou pran kalite sèvis li oserye ; n ap toujou okipe plent nou resewva yo, kèleswa moun ki nan ka a. Si w pa kontan solisyon ki soti nan plent ou pote a, ou mèt rele Biwo Defansè Sitwayen an, nan nimewo 1-800-983-2435.

Kisa ki pral rive, apre yo ban mwen randevou pou yo vin chèche m?

- Sèvis ki fè transpò a ap rele w, pou fè w konnen ki lè y ap vin chèche w, ak nimewo telefòn sèvis la. Kenbe nimewo sa a yon kote ou ka jwenn li fasil.
- Pare pou w ale depi 60 minit anvan lè y ap vin chèche w la.
- Isi w gen yon moun k ap mennen w tounen, moun sa a dwe vin chèche w mwens pase 30 minit anvan vizit randevou a fini.
- Si w gen pou w rele sèvis transpò a pou vin chèche w apre vizit randevou a, oto sèvis la dwe rive mwens pase 60 minit apre ou fè koutfil la.
- Si w tann plis pase 60 minit pou oto a rive, rele nan nimewo sèvis transpò a te ba ou a.
- Rele MTM tousuit si w bezwen ànile transpò w la, oubyen si oto ki dwe vin chèche la pa vini.




Pou pran randevou pou yo vin chèche w (Ride-Call):

**Rele 1-866-453-1481 ant lendi ak samdi,
ant 6:00 dimaten ak 6:00 diswa.**

Sonje byen:

- Nimewo pou w rele pou mande vin chèche w nan Collier County a se 1-866-453-1481.
- Ou dwe telefone 3 jou ouvrab anvan jou randevou w la.
- Pare enfòmasyon sou koute ou bezwen ale a.
- Pare enfòmasyon sou non ak nimewo telefòn pwofesyonnel sante w yo.
- Pou depoze yon plent, rele MTM nan nimewo 1-866-436-0457.
- Si moun ki dwe vin chèche w la an reta, rele MTM nan nimewo: 1-866-453-1481.



Kouman pou w sèvi avèk
Pwogram
Transpò Medicaid
Collier County a.

Medical Transportation Management, Inc.
(MTM) se nouvo sèvis San Ijans Medicaid ki
sèvi moun nan Collier County a.

Tanpri, rele nimewo gratis MTM la, ki se
1-866-453-1481
pou pran randevou pou yo vin chèche w.

Kisa ki nouvo nan pwogram lan?

- Ou pa gen pou w rele Collier Area Transit ankò, pou w pran randevou pou yo vin chèche w pou transpò Medicaid.
- Ou dwe telephone 3 jou ouvrab anvan jou randevou w la.
- MTM pral deside ki kalite transpò pou yo ba ou, dapre sa ou bezwen ak sa ou kapab fè.
- Yo pral mande w rezon medikal pou randevou w la.
- MTM ap chwazi ki sèvis k ap vin chèche w.

Ki moun ki ka mande pou yo vin chèche yo pou transpò?

Moun ki rete nan Collier County epi ki satisfè kondisyon pou Medicaid. Pou konnen si w kalifye, rele MTM nan nimewo 866-453-1481.



Kouman pou m mande pou yo vin chèche m?

Rele MTM nan nimewo 866-453-1481, twa jou ouvrab anvan dat randevou w la. Jou ouvrab yo, se lendi pou rive vandredi.

Gen yon reprezantan sèvis kliyantèl la ki pral l poze w kesyon sa yo avèk koutwazi:

- Tout non w, adrès kote ou rete kounye a, ak nimewo telefòn ou.
- Dat ou bezwen yo vin chèche w la.
- Non, adrès, ak nimewo telefòn kote ou prale a.
- Pwoblèm medikal ki fè ou mande pou transpò a.
- Nan ki kalite randevou ou vle ale (doktè, dantis, terapi, elatriye...)

Tanpri, pare pou w bay enfòmasyon sa yo lè ou rele a.

E si gen mwens pase twa jou ki rete, lè mwen rele a?

Si gen mwens pase twa jou ouvrab ki rete lè ou rele a, epi se pa yon randevou medikal ijan ou genyen, yo ka mande w pran yon lòt randevou pi ta. Men sèlman, si randevou medikal ou a IJAN, n ap eseye jwenn transpò pou ou.

Ki mwayen transpò MTM pral ofri m?

MTM ka ofri w:

- Transpò nan ti otobis oswa nan taksi
- Transpò Piblik
- Transpò sou fotèy woulan oswa sou branka

Kouman MTM ap deside ki mwayen transpò l ap ofri m?

MTM pral poze w yon seri kesyon sou sante w, ak sou jan ou fè aktivite nòmal ou chak jou.

MTM pral mande w ranpli yon fòmilè pou mete nan dosye nou yo.

Ki kote pou m rele, si m vle ànile oswa chanje yon randevou?

Rele MTM nan nimewo 1-866-453-1481 si gen NENPÔT chanjman nan randevou w. Tanpri rele pi bonè ou kapab, lè w konnen gen yon chanjman.

